

BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan


Kampung Naga sacara administratif ayana di daérah Néglasari Kacamatan, Salawu, Kabupatén Tasikmalaya Provinsi Jawa Barat. Jarak ti kota Tasikmalaya kurang leuwih kilometer 27 arah Garut, ti Kota Garut aya di kilometer 30,5 arah Tasikmalaya. Ieu Kampung, luhurna aya dina 448 ti dasar laut. Kampung Naga ayana di handap, di tengah-tengah leuweung dina kemiringan 0-25%. Wates padumukan Kaspung Naga, nya éta:

- 1) Belah kulon diwatesanan ku pager kandang jaga, jeung kebon alit;
- 2) belah kidul diwatesanan ku pager kandang jaga, jeung saluran leutik (koco);
- 3) belah kelér diwatesanan ku pager kandang jaga, jeung saluran leutik (koco); sarta
- 4) belah wétan diwatesanan ku kandang jaga, jeung walungan ciwulan.

3.1.2 Sumber Data

Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta masarakat Kampung Naga, hususna kepala keluarga, patani, ogé buku sumber.

3.2 Desain Panalungtikan



Gambar 3.1. Desain panalungtikan

1) Tatahar

Panalungtik nyiapkeun bahan-bahan, instrumén panalungtikan, alat-alat, jeung téknologi anu diperlukeun pikeun nalungtik sistem pakakas hirup jeung téknologi di Kampung Naga.

2) Obsérvasi

Panalungtik turun ka lapangan, tur niténan langsung hiji objék anu bakal ditalungtik.

3) Ngumpulkeun data

Panalungtik ngumpulkeun data, boh ku cara wawancara, obsérvasi, jsté.

4) Nganalisis jeung ngolah data

Data anu geus dikumpulkeun tuluy dipilah-pilah, mana anu saluyu jeung tujuan panalungtikan saméméhna, mana anu henteu saluyu.

5) Nyusun laporan

Panalungtik nyusun data anu geus aya, dina wangun laporan karya ilmiah (skripsi).

3.3 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Ratna (2010, kc. 467), méthode mangrupa stratégi, prosedur, cara-cara pikeun ngumpulkeun, nganalisis, jeung midangkeun objék panalungtikan. Sedengkeun nurutkrun Sugiyono (2010, kc. 283), méthode panalungtikan mangrupa cara ilmiah pikeun meunangkeun data anu miboga tujuan jeung mangpaat. Méthode anu digunakeun panulis dina ieu panalungtikan, nyaéta méthode déskriptif. Méthode déskriptif nyaéta méthode anu digunakeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun hiji hal, tanpa nguji hipotésis saméméhna (Ratna, 2010, kc. 337).

Ieu méthode digunakeun lantaran data anu ditalungtik leuwih nyoko kana bahan anu bisa dianalisis ku cara déskriptif. Dina masalahna, méré gambaran sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan fakta-fakta, jeung sifat-sifat populasi.

Tujuan ngagunakeun métode déskriptif nyaéta pikeun ngadéskripsikeun sistem pakakas jeung téknologi masyarakat Kampung Naga.

3.4 Wangenan Oprasional

1) Sistem Pakakas jeung Téknologi

Sistem Pakakas jeung Téknologi mangrupa barang anu diwangun ku komponen-komponen anu silih sinambung jeung kompleks, sarta ngagunakeun métode ilmiah pikeun ngahontal tujuan praktisna, sangkan dina ngalakukeun pagawéan bisa lumangsung kalawan gampang.

2) Masarakat Kampung Naga

Masarakat Kampung Naga, mangrupa kumpulan jalma anu hirup, jeung cicing di Kampung Naga, anu nyekel pageuh budaya karuhun, nyaéta budaya Sunda. Masarakat Kampung Naga, miboga norma jeung ajén anu kudu digunakeun atawa diturut ku kabéh anggota tur miboga tujuan nu tangtu (Sapriya, 2007, kc. 72).

3) Bahan Pangajaran Maca Artikel

Bahan pangajaran maca artikel, mangrupa sajumlahing matéri anu rék ditepikeun ka murid, ku cara ngalisankeun aksara, dina wangun karya tulis lengkep, saperti warta atawa éséy dina majalah, jeung surat kabar.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan, nyaéta alat anu digunakeun ku panalungtik dina énggoning ngumpulkeun data, sangkan pagawéanana leuwih gampang, tur hasilna ogé leuwih hadé, dina harti leuwih gancang, lengkep, jeung sistematis sangkan datana leuwih gampang diolah.

1) Pedoman Obsérvasi :

Téma obsérvasi:

Lokasi obsérvasi:

tgl./jam:

Jenis obsérvasi:

Koding	Data/hasil observasi

2) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara, mangrupa sajumlahing patalékan anu diasong atawa ditanyakeun ka narasumber

Wasta :

Jenis kelamin :

Umur :

Kalungguhan di kulawarga :

Alamat :

Pakasaban :

Jenjang atikan :

Kalungguhan di masarakat:

- a. Kumaha konsép hirup masarakat Kampung Naga?
- b. Naon waé pakakas jeung téknologi anu digunakeun ku masarakat Kampung Naga dina kahirupan sapopoé, hususna dina:
 - Ngawangun imah;
 - di dapur;
 - dina tatanén;
 - alat penerangan;
 - alat komunikasi
- c. Naon sababna ngagunakeun éta pakakas jeung téknologi? Naon simbol, falsafah, atawa alesanana?
- d. Naha aya téknologi modérn anu digunakeun dina kahirupan sapopoé di masarakat Kampung Naga? Naon sababna? Naon anu ngabalukarkeunana?
- e. Kumaha cara atawa atikan kolot dina nurun-numurunkeun pakakas jeung téknologi anu digunakeun di kampung Naga ka budak-incuna, hususna

ngunaan pakakas jeung téknologi anu Ngawangun imah, di dapur, dina tatanén, alat penerangan, alat komunikasi,

- f. Upama aya budak nu sakola formal di luar Kampung Naga, kumaha lajuning laku tina pendidikan pakakas jeung téknologi ti sakola formalna? Naha diterapkeun di Kampung Naga, atawa henteu?
 - g. Naon sababna masarakat Kampung Naga masih mertahankeun tur ngagunakeun pakakas jeung téknologi tradisional?
 - h. Naon balukarna lamun masarakat Kampung Naga ngagunakeun pakakas jeung téknologi modérn tur ninggalkeun pakakas jeung téknologi tradisional?
- 3) Alat rékam anu digunakeun dina panalungtikan
- Kaméra, pikeun moto pakakas jeung narasumber.
 - kaméra-vidéo jeung *tape recorder*, pikeun ngarékam naon-naon anu diomongkeun ku narasumber kalawan kumplit, henteu aya anu katinggaleun.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data, mangrupa léngkah anu penting pisan dina panalungtikan, sabab tujuan tina panalungtikan, nyaéta meunangkeun data. Pikeun ngumpulkeun data, téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik obsérvasi, studi pustaka, studi dokuméntasi, wawancara, jeung analisis data.

3.6.1 Téhnik Obsérvasi

Sutrisno Hadi nétélakeun, yén obsérvasi mangrupa hiji proses anu kompléks, hiji proses anu kasusun ku sababaraha proses biologis jeung psikologis. Marshall (dina Sugiyono, 2010, kc. 316) nétélakeun, yén tina obsérvasi, anu nalungtik bakal diajar ngunaan paripolah, jeung ma'na tina éta paripolah.

Obsérvasi dilakukeun ku cara niténan langsung hiji objék anu bakal ditalungtik. Dina ieu kagiatan panalungtikan, obsérvasi dilakukeun ku cara rékaman

gambar jeung rékaman sora. Pikeun ngahontal éta hal, tangtuna waé ngagunakeun média atawa alat anu ngarojong, saperti kaméra, *handphone*, jsté. Obsérvasi dilakukeun sangkan meunang gambaran anu nyata ngeunaan kabudayaan Sunda di Kampung Naga, jeung unsur budaya hususna sistem pakakas jeung téknologi masarakat Kampung Naga. Léngkah-léngkah anu dilaksanakeun dina téhnik obsérvasi, nyaéta:

- 1) Panalungtik nyieun pedoman observasi.
- 2) Panalungtik turun ka lapangan.
- 3) Panalungtik niténan langsung kaayaan masarakat Kampung Naga, katut paripolahna.
- 4) Kaayaan masarakat diasupkeun kana naon-naon anu aya dina pedoman obsérvasi

3.6.2 Téhnik Wawancara

Esterberg (dina Sugiyono 2010, kc. 317) nétélakeun yén wawancara mangrupa patemon dua jalma pikeun nukeur informasi jeung idé ku cara tanya jawab nepi ka bisa meunang ma'na dina hiji topik.

Wawancara mangrupa téhnik anu dilakukeun ngaliwatan komunikasi langsung atawa tanya jawab jeung kuncén, masarakat Kampung Naga, wawakil ti kulawarga, patani, jeung tukang nyieun imah. Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun téhnik wawancara, di antarana nyaéta:

- 1) Panalungtik nyieun pedoman wawancara;
- 2) panalungtik nyusun daptar patalékan saluyu jeung tujuan panalungtikan;
- 3) panalungtik néang narasumber pikeun meunaNgkeun informasi ku cara wawancara; tuluy
- 4) panalungtik nulis jawaban di handap daftar patalékan.

3.6.3 Téhnik Studi Pustaka

Andini Isti Syafitri, 2014

Sistem Peralatan Dan Teknologi Masyarakat Kampung Naga Untuk Alternatif Bahan Ajar Membaca Artikel Budaya Di Sma Kelas XII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Studi pustaka, dilakukeun ku cara néang sumber anu mangrupa buku, artikel, dokumén, jurnal, jst. anu engkéna tuluy dikaji pikeun meunangkeun informasi solusi kana masalah anu ditalungtik. Léngkah-léngkah dina ngalaksanakeun ieu téhnik, nyaéta:

- 1) Néang buku ngeunaan budaya, Kampung Naga, pakakas jeung téhnologi, jeung buku ngeunaan bahan ajar;
- 2) nelaah eusi buku anu saluyu jeung judul panalungtikan;
- 3) néang harti pakakas-pakakas tradisional.

3.6.4 Téhnik Studi Dokuméntasi

Studi dokuméntasi, mangrupa hiji cara ngumpulkeun data atawa sumber tina média visual anu mangrupa foto atawa gambar, sarta arsip-arsip anu aya, basa ngalakukeun panalungtikan lapangan atawa obsérvasi.

Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 329), hasil panalungtikan bakal leuwih *kredibel* atawa bisa dipercaya lamun didukung ku foto atawa karya tulis akademik jeung seni anu geus aya. Léngkah-léngkah dina ieu téhnik, nyaéta:

- 1) Nyieun daptar ngeunaan naon waé anu perlu difoto;
- 2) di lapangan, panalungtik moto naon-naon anu geus aya dina daptar foto.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus meunang data, panalungtik ngolah éta data ku cara:

- 1) Niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) nyieun papasingan data;
- 3) nganalisis jeung ngadéskripikeun data;
- 4) nafsirkeun data;
- 5) nyindekkeun data.